


Ki maladi ou ka pran lè yon chen mòde ou?

Chen mòde ka lakòz pa sèlman blesi, men tou sa ka simaye mikwòb. Jiska 18% nan ka chen mòde vin enfekte. Yo jwenn plis pase 60 diferan kalite bakteri (mikwòb) nan bouch chen, men se sèlman yon ti kras nan yo ki ka fè ou malad.

Maladi laraj se yon nan maladi ki pi grav moun ka pran lè chen mòde yo. Li ra anpil pou moun pran maladi laraj nan chen nan Etazini. Laraj se yon viris ki afekte sèvo epi li ka vin mòtèl. Fason ki pi komen laraj simaye se lè yon bèt ki enfekte mòde yon moun. Nou ka anpeche maladi sa a lè nou vaksinen chen yo. An plis, moun yo yon bèt ki gen laraj mòde dwe jwenn tretman imedyatman pou anpeche laraj.

Moun ki bay swen sante nan Boston gen obligasyon pou rapòte tout ka bèt mòde bay BPHC. BPHC travay ansanm ak moun ki bay swen sante yo ak Kontwòl Bèt Boston pou asire yo tout tretman nesèsè ak suivi yo te fèt.



Menm jan ak moun, **chen kapab kominike byen**, men sa mande pratik pou moun konprann kisa figi ak kò yon chen ap di. Pi fò moun ka rekonèt siy yon chen agresif ki pa vle moun touche li (griyen dan, gwonde). Men, anpil fwa chen mòde fèt se paske moun manke rekonèt siy yon chen vle pou kite li an repo menm lè chen an pa sanble li an kòlè oubyen fache. Kèk siy yon chen ki pè oubyen ki estrese ki fasil pou moun kapab pa rekonèt.

- Tèt anba, ki rete ba, oubyen vire lòt bò.
- Ke ba, pliye nan mitan janm yo, oubyen ki ap souke yon fason fèb.
- Bouch fèmen.
- Zòrèy ki rete dèyè oubyen rete ba.
- Cheve sou do kanpe, sitou pre ke a.
- Vin tou rèd ak enève, jele oubyen ap tranble.
- “Je-balèn,” montre pati blan nan je chen a plis pase nòmal.
- Ap jape san rete ak japman ak glapisman kout epi ki wo.
- Aji yon fason ajite.
- Eseye kache nan oubyen dèyè bagay.
- Baye vit.
- Bave anpil.
- Pa enterese nan manje.
- Respirasyon rapid epi ki pa fon.
- Konpòtman nève, tankou ap niche po bouch oubyen grate tankou yo gen gratèl.

Pou aprann plis sou anpeche chen mòde, ale nan [sit entènèt nou an](#).

Fason pou Anpeche Chen Mòde



Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.bphc.org
617-534-5611

Apeprè 4.5 milyon ka chen mòde moun rive chak ane nan Etazini. Aprann kijan pou anpeche chen mòde ou epi pou diminye risk pou maladi ak blesi!

Kimoun ki pi arisk pou chen mòde yo?

Timoun yo. Pousantaj blesi ki gen pou wè ak chen mòde moun pi wo pou timoun ki gen laj 5 a 9 ane. Timoun pi fasil resevwa swen medikal lè chen mòde yo pase granmoun. Granmoun aje yo se dezyèm gwoup ki pi viktim chen mòde.



Ki kote chen mòde moun?

Plis pase mwatye nan blesi chen mòde rive nan kay kote moun yo abitye avèk chen yo. Nan mitan timoun ak granmoun yo, gen yon chen nan kay la se fè chans pou chen mòde yo vin pi wo. Plis chen ki gen nan kay la, se plis gen chans pou chen mòde.

Fason pou Anpeche Chen Mòde Ou: Konsèy sekirite preliminè



Sa pou fè:

- Rete san fè mouvman ("rete trankil tankou yon pyebwa") lè yon chen ou pa konnen pwoche sou ou. Pa fè mouvman epi rete dousman.
- Evite gade nan je yon chen ou pa konnen.
- Kanpe ba chen an pase.
- Si yon chen lage ou atè, fè kò ou won tankou yon boul ak tèt ou kache epi men ou sou zòrèy ak kou ou.
- Imedyatman, pale ak yon granmoun osijè chen pèdi ak chen ki gen konpòtman dwòl.

Sa pou pa fè:

- Pwoche pre yon chen ou pa konnen.
- Kouri pou yon chen.
- Panike oubyen fè gwo bwi.
- Anmède yon chen k ap dòmi, ap manje, oubyen ki ap okipe pitit li yo.
- Karese yon chen anvan ou mande mèt li pèmision.
- Karese yon chen san ou pa ba li tan pou wè epi santi ou anvan.
- Ankouraje yon chen pou jwe yon fason agresif.
- Kite timoun piti jwe ak chen san sipèvizyon.



Kisa pou fè si yon chen mòde ou oswa atake ou?

- Si posib, mete bous, valiz oubyen levit ou ant oumenm ak chen an pou pwoteje tèt ou.
- Si chen an lage ou atè, fè kò ou won tankou yon boul ak tèt kache epi men ou sou zòrèy ak kou ou.
- Lè ou rive yon kote ki an sekirite, lave blesi a imedyatman ak savon ak dlo.
- Chèche swen medikal; ou ka bezwen antibyotik oubyen lòt tretman.
- Fè si ou chèche swen medikal menm kote a si:
 - Blesi a grav (ap senyen san rete, feblès, gwo doulè, miskilati ak zo ekspoze).
 - Blesi a vin wouj, fè mal, cho, oubyen anfle, oubyen ou devlope yon lafyèv.
- Menm lè risk la pa gwo, chen ka gen maladi laraj. Si yon chen mòde ou, rele doktè ou, Kontwòl pou Bèt Boston nan 617-635-5348 oubyen Komisyon Sante Piblik Boston (BPHC) nan 617-534-5611.
- Lè yo rapòte yon ensidan bay BPHC oubyen Kontwòl pou Bèt Boston, yo pral kontakte mèt chen an pou asire yo chen an gen vaksen ki pa ekspire kont laraj. Sa enpòtan paske moun chen an te mòde a gen dwa bezwen tretman prevantif.